

## **RINGKESAN**

*Dina Kurikulum 2013 harita ngidentifikasi informasi dina teks eksplanasi mangrupakeun kaahlian dina maca. Patali jeung babaran nu luhur, panulis ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran ngidentifikasi informasi dina teks eksplanasi ngagunakeun metode inkuiiri pikeun kelas XI SMK YP.79 Majalaya. Panalungtikan dina denget ieu dimimitian dinu masalah anu nganyatakeun , yen motivasi murid-murid dina maca masih keneh kurang sarta minimna kamampuan murid-murid dina kaahlian maca. Tujuan tina panalungtikan ieu dalaksanakeun keur nempo kamampuan panulis dina ngarencanakeun, nerapkeun, sarta meunteun pangajaran ngidentifikasi informasi dina teks eksplanasi ngagunakeun metode inkuiiri, nempo kamampuan murid-murid kelas XI SMK YP.79 Malajaya dina ngidentifikasi informasi dina teks eksplanasi, sareng nempo kaefektisan metode inkuiiri. Metode panalungtikan anu digunakeun ku panulis nyaeta metode campuran (Mix Methode) kalawan teknik panalungtikan, tes, percobaan, sareng analisa data. Hasil panalungtikanna nyaeta: (1) Panulis bisa ngarancanakeun, nerapkeun, sarta meunteun pangajaran ngidentifikasi informasi dina teks eksplanasi ngagunakeun metode inkuiiri. Dumasar kana nilai ngarencanakeun sareng nerapkeun pangajaran anu meunang nilei rata-rata 3,8 asup kana golongan alus pisan sareng predikat A; (2) Murid-murid Kelas XI SMK YP.79 Majalaya taun ajaran 2019/2020 bisa ngidentifikasi informasi dina teks eksplanasi. hal ieu dumasar kana paningkatan hasil diajar nyaeta dina nilai saatos diajar leuwih ageung dibandingkeun sareng nilai sateuacan diajar, nyaeta  $81 > 27,4$  aya salisih 53,6; (3) metode inkuiiri efektif digunakeun dina pangajaran ngidentifikasi informasi dina teks eksplanasi pikeun murid kelas XI SMK YP.79 Majalaya taun ajaran 2019/2020. Hal ieu dumasar kana hasil itungan statistik anu meunang hasil thitung 12,97 sareng hasil ttabel 9,6 dina tingkatan kapercayaan 95% sareng db 20. Bisa disimpulkeun, yen pangajaran ngidentifikasi informasi dina teks eksplanasi ngagunakeun metode inkuiiri mangnunjukeun kaberhasilan. Metode anu digunakeun dina panalungtikan ieu disaranakeun pisan tarutama dina pangajaran maca.*

*Kecap Konci: pangajaran maca, ngidentifikasi, teks eksplanasi, informasi, inkuiiri*